



Kesyon Moun Poze Souvan Sou Lwa sou Anrejistreman pou Abi sou Bèt

Kisa Lwa Vil New York sou Anrejistreman pou Abi sou Bèt ye?

Se yon lwa ki

- Egzije moun lajistis kondane pou yon krim abi sou bét anrejistre non yo nan Rejis Vil New York pou Abi sou Bèt (New York City Animal Abuse Registry).
- Entèdi moun ki gen obligasyon pou anrejistre non yo pou yo gen *nepòt* bét, posede *nepòt* bét, gen titèl *nepòt* bét, oswa pran kontak fizik avèk entansyon yo avèk *nepòt* bét.
- Egzije anplwaye sèten biznis oswa òganizasyon ki gen pou wè ak bét pou yo tcheke rejis la epitou pou yo refize vann oswa transfere tit posesyon yon bét ba *nepòt* moun ki sou lis la.

Kimoun ki dwe sou lis nan rejis la?

Yon moun fèt pou anrejistre non li si lajistis te kondane li pou yon krim abi sou bét apre dat 2 oktòb 2014, epi si moun sa a ap

- Viv nan Vil New York
- Te gen omwen laj 18 tan nan moman kondanasyon an
- Te jwenn liberasyon li nan prizon an depi mwens pase senkan oswa, si li pa t nan prizon, te jwenn yon santans depi mwens pase senkan.

Kisa yon krim abi sou bét ye?

Lalwa defini krim abi sou bét kòm yon kondanasyon pou

- Fè bét batay, jan sa defini nan Seksyon 351 Lwa Eta New York sou Agrikilti ak Mache (Agriculture and Markets Law);
- Aktivite egzajere avèk bét, maltrete bét oswa bay bét chòk; pa bay bét manje, jan sa defini nan Seksyon 353 Lwa Eta New York sou Agrikilti ak Mache;
- Mechanste grav sou bét, jan sa defini nan Seksyon 353 Lwa Eta New York sou Agrikilti ak Mache;
- Elektwokisyon sou bét ki gen fouri, jan sa defini nan Seksyon 353 (c) Lwa Eta New York sou Agrikilti ak Mache;
- Abandon bét, jan sa defini nan Seksyon 355 Lwa Eta New York sou Agrikilti ak Mache;
- Pa bay bon jan manje ak bwason pou yon bét yo sezi, jan sa defini nan Seksyon 356 Lwa Eta New York sou Agrikilti ak Mache;
- Anpwazonnen oswa fè tantativ pou anpwazonnen bét, jan sa defini nan Seksyon 360 Lwa Eta New York sou Agrikilti ak Mache;
- Anmède bét oswa bay chòk sou sèten bét kay, jan sa defini nan Seksyon 361 Lwa Eta New York sou Agrikilti ak Mache;
- Fè mal sou yon bét sèvis nan premye degré, jan sa defini nan Seksyon 242.15 Kòd Penal Eta New York; oswa
- Yon zak nan *nepòt* lòt jiridiksyon ki gen ladan tout eleman debaz *nepòt* krim ki endike anwo a.

Kijan anrejistreman an fonksyone?

Moun ki bezwen anrejistre yo ta dwe rele 311 pou yo mande pou Rejis Abi sou Bèt oswa yo ta dwe imèl animalabuserregistry@health.nyc.gov nan senk (5) jou apre yo lage nan prizon oswa nan senk (5) jou apre yo jwenn santans yo, si yo pa t ale nan prizon. Depatman Sante (Health Department) ap ba ou yon randevou fas-a-fas.

Moun k ap konteste yon kondanasyon pa gen pou yo anrejistre.

Ki enfòmasyon ki obligatwa pou anrejistreman an?

Depatman Sante ap fè yon foto moun ki anrejistre a epi y ap pran enfòmasyon sa yo:

- Non ak tout ti non jwèt
- Dat ou fèt
- Si ou se fanm oswa gason
- Ten ou
- Ras ou oswa gwooup etnik ou
- Wotè ak gwosè ou
- Koulè zye
- Adrès kay ou ak/oswa adrès kote ou prevwa ou pral viv
- Nimewo lisans chofè ou oswa nimewo kat ID ki gen foto ou epi ki pa lisans pou kondi
- Deskripsyon krim abi sou bète la
- Dat kondanasyon ou
- Santans lajistis enpoze kont ou

Moun ki anrejistre a fèt pou kontakte Depatman Sante pou li fè chanjman nan enfòmasyon yo

- Chak ane, nan 20 jou apre dat anrejistreman an
- Nan senk (5) jou apre nenpòt chanjman nan enfòmasyon yo

Konbyen tan yon moun ap rete nan rejis la?

- Senk (5) ane apre moun nan lage nan prizon oswa apre dat santans lan, kèlkeswa sa ki apre a, oswa
- Dizan apre dat moun nan fè nenpòt lòt krim sou bète

Ki gwooup ki fèt pou tcheke rejis la anvan yo transfere yon bète?

- Gwooup sekou bète k ap travay nan Vil New York
- Abri bète ki opere nan Vil New York
- Asosyasyon pwoteksyon chen ak chat ki toupatou nan Eta New York
- Sosyete imen ki toupatou nan Eta New York
- Sosyete pou prevansyon mechanste sou bète ki toupatou nan Eta New York
- Magazen ki vann bète nan Vil New York
- Veterinè k ap travay nan Vil New York

Kijan gwooup sa yo kapab tcheke rejis la?

Pou jwenn aksè nan rejis la, ale sou sitwèb nyc.gov/health/animalabuseregistry epi chwazi bouton “Access the Registry” (Aksè nan Rejis). Li obligatwa pou anrejistre.

Tout gwooup ki gen obligasyon dapre lalwa pou yo anrejistre dwe fè sa *anvan yo transfere* nenpòt bète ba yon moun swa nan lavant oswa adopsyon.

Ki lòt moun ki gen aksè nan enfòmasyon ki nan rejis la?

Ajans lapolis ak biwo pwokirè distri ki nan Vil New York gen aksè tou nan enfòmasyon ki nan rejis la.

Ki limit ki genyen nan itilizasyon rejis la?

Yo ka itilize enfòmasyon ki nan rejis la sèlman pou respekte Lwa Vil New York pou Anrejistreman pou Abi sou Bète.

Ki pinisyon ki genyen pou vyolasyon lwa a?

Moun ki pa anrejistre jan sa obligatwa oswa ki pran kontak avèk yon bète lè yo gen entèdiksyon pou sa ka tonbe anba pinisyon pou pase apeprè yon ane nan prizon, pou peye yon amann k ap apeprè \$1,000 dola, oswa toulède pinisyon yo.